



Pou Piblikasyon Imedya: 31/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 6 NOUVO SIT TÈS NAN ETA A ATRAVÈ NEW YORK  
NAN KAD OGMANTASYON RESAN NAN KA COVID-19 YO**

*Sit yo ap ouvri nan madi 4 janvye - Nou ka pran randevou yo [isit la](#)*

*Chita sou anons Gouvènè a nan mèkredi a pou 13 nouvo sit tès Covid-19 ki ouvri  
atravè Eta a [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 6 nouvo sit tès nan Eta a pou abòde ogmantasyon resan nan ka COVID-19 yo. Sit sa yo vize founi opsyon tès siplemantè nan zòn ki gen gwo bezwen yo atravè Kapital la, New York Santral, Finger Lakes, Hudson Valley ak rejyon Lwès New York.

"Nou vle kòmanse Nouvèl Ane a djanm epi itilize tout zouti ki nan dispozisyon nou", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nan mobilize sit tès yo atravè Eta a, nou pral asire tès yo pi aksesib ak konvenab pou Nouyòkè yo. Nou pral kontinye elaji disponibilite tès yo nan tout kwen nan Eta a, nan evalye kote gen plis kapasite ak sit siplemantè ki nesèsè byento. Mwen ankouraje tout Nouyòkè yo pou yo pwofite ale nan yon sit ki toupre yo".

Sit yo aktyèlman ap mobilize avèk ouvèti tout lokal ki prevwa ouvri nan 4 janvye 2022. Apre lansman an, tout sit yo pral ofri tès antijèn. Nou ankouraje Nouyòkè ki kalifye yo pou pran randevou [isit la](#). Y ap voye rezilta tès yo apre randevou a atravè imèl oswa mesaj tèks. Vizit san randevou pral disponib tou.

**Komisè Sante Eta pa Enterim, Doktè Mary T. Bassett, te deklare,** "Anban lidèchip Gouvènè Hochul, nou kontinye travay enpòtan pou elaji aksè ak tès rapid, aksesib atravè Eta a. Nan patenarya avèk WellHealth, nouvo sis sit sa yo pral pote ankò plis tès rapid pou Nouyòkè yo. Tès rapid rete yon zouti enpòtan nan twous zouti nou pandan n ap konbat ogmantasyon nan ivè a ak travay pou kenbe kominote nou yo san danje kont pwopagasyon an - epi mwen ankouraje Nouyòkè yo pou itilize nouvo sit sa yo".

**Lidè Majorite Sena a, Andrea Stewart-Cousins te deklare,** "Mwen vle remèsye Gouvènè a pou angajman li nan elaji sit tès COVID yo ki gen ladan youn nan Grace Baptist Church nan Mount Vernon. Ajoute sit siplemantè yo isit la nan Westchester ak nan tout New York se yon priyorite prensipal pou Sena a. Mwen konnen dènye semèn pase yo te tankou yon pa an aryè sou tout pwogrè nou te fè. Nou te espere rete

totalman ouvri pou sezon fèt la men COVID la te gen lòt plan pou nou. Men se pa yon repetisyon mas 2020 an. Kounye a nou gen yon gwo asenal zouti pou konbat viris sa a epi limite bilan imen ak ekonomik pandemi an. Nou bezwen pou tout moun vaksinen, pran dòz siplemantè, mete mask ak fè tès pandan n ap travèse dènye faz kriz la".

**Direktè Egzekitif Jeneral WellHealth ak Direktè Medikal Doktè Abdul-Ahad Hayee, MD, youn nan patnè fondatè WellHealth, te deklare,** "Se misyon nou pou ede otan moun posib jwenn sit tès COVID-19 yon fason ki fasil, aksesib epi pou livre rezilta rapid ak presi. Amezi pandemi COVID-19 la ap kontinye, nou fyè pou nou travay avèk Eta New York ak Depatman Sante a nan kad patenarya sa a pou pote sis nouvo sit tès nan kominote New York yo nan plizyè lokal atravè Eta a, jan nou te fè sa avèk siksè nan anpil lòt eta deja. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li nan asire Nouyòkè yo gen ankò plis aksè ak tès - ede kominote yo rete an sekirite ak rete ouvri".

Sonje ke nan dat 4 janvyè 2022, lè operasyonèl yo se ap 12 p.m. - 6 p.m. pou tout sit yo sof pou sit nan Rejyon Kapital la ki pral ouvri jiska 7 p.m. Apre 4 janvyè, sit yo ap ouvri pandan lè nòmal. Gen yon lis nouvo sit tès yo selon rejyon ak lè fonksyònman ki anba a:

### **Rejyon Kapital**

Crossgates Mall (Ansyen lokal Ruby Tuesday)

1 Crossgates Mall Road

Albany, NY 12203

Orè Fonksyònman: Lendi - Samdi: 9 a.m. - 7 p.m.

### **Central New York**

CNY Regional Market F Shed

2100 Park Street

Syracuse, NY 13208

Orè Fonksyònman: Lendi - Samdi: 8 a.m. - 6 p.m.

### **Finger Lakes**

YMCA Carlson MetroCenter

444 E Main Street

Rochester, NY 14604

Orè Fonksyònman: Lendi - Samdi: 8 a.m. - 6 p.m.

### **Hudson Valley**

Grace Baptist Church

52 S 6th Avenue

Mount Vernon, NY 10550

Orè Fonksyònman: Lendi - Samdi: 9 a.m. - 6 p.m.

Patriot Hills Golf Club (Teren Gòlf)

19 Club House Lane

Stony Point, NY 10980

Orè Fonksyònman: Lendi - Samdi: 8 a.m. - 6 p.m.

**Western New York**

Northwest Buffalo Community Center (Sant Kominotè nan Nòdwès Buffalo)

155 Lawn Avenue

Buffalo, NY 14207

Orè Fonksyònman: Lendi - Samdi: 8 a.m. - 6 p.m.

N ap planifye sit siplemantè yo atravè Eta a tou, epi enfòmasyon konsènan sit sa yo pral anonse byento. Nouyòkè yo kapab jwenn sit yo toupre yo [isit la](#).

Enfòmasyon sou WellHealth:

WellHealth ofri 'Swen Covid Kle nan Men' (Turnkey Covid Care) avèk eksperyans pratik ki deplwayab byen vit epi ki byen respekte bezwen tè s yo, jesyon ka Covid ak tretman. WellHealth kontinye vini ak nouvo kapasite tè s ak tretman nan pèmèt gwo teknoloji yo livvre solisyon ki fasil epi ki ka fèt sou gwo anplè. An repons ak pandemi COVID-19 la, ekip WellHealth la te etabli pwotokòl inik epi te founi yon seri mezi medikal ak sekirite konplè pou popilasyon pasyan nou yo. Jiskaprezan, WellHealth te founi plis pase 1.1 milyon tè s COVID-19 nan Etazini avèk kapasite pou kontinye fè tè s nan yon to ki se plizyè dizèn milye chak jou. WellHealth te sèvi rezidan yo nan Texas, South Carolina, Nevada, Rhode Island, Washington, New Jersey, Arizona, North Carolina, Kansas ak New York kounye a, epi kontinye elaji tè s yo nan Amerik Dinò.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)